

Ikituranga

Ishengero rya Mennonite ryo mu buseruko bwa Canada ni umuryango urimwo ubutandukane

Wahinduwe n'urukundo rw'Imana

Wisunga urukundo dusanga muri Yesu

Wahamagariwe gukora kubw'ubushobozi bwa Mpwemu Yera.

Turizera yuko Imana iriko irahamagara Ishengero rya Mennonite ryo mu burengeru bwa Canada ngo ribe Ishengero rya Anabaptiste Mennonite; umufatanyabikorwa yunze urunani n'Ishengero rya Mennonite ryo muri Canada hamwe n'Inama ya Mennonite yo kw'isi yose. Ibi bikaba ari ukubandanya umugenzo wo kuva muri kahise ushimikira kuri: Yesu niwe shingiro ry'ukwizera kwacu; umuryango niwo shingiro ry'ubuzima bwacu; kandi ukunywana n'iryo shingiro ry'ibikorwa vyacu. Nk'umuryango w'amashengero, turashaka kwinjira mu butumwa bw'Imana kw'isi, tugahamagarira abantu bose kwitabira ingabire y'urukundo rw'Imana rwiyerekanye muri Yesu, nk'uko bisiguye mu vyanditse vyera.

Intumbero

Dukoranira hamwe nk'ishengero ryo mu karere kugira ngo:

- **Dutere intege amashengero** mu guhimbaza, mu guhindura abantu abakristo no mu gukwiragiza ubutumwa
- **Duhimirize abarongozi** b'umwizero, kubona kazoza no guhinduka
- **Turangwe n'igikorwa c'Imana co kunywanisha** ku vyaremwe vyose

Inyifato ngenderwako

Ugukundwa cane – Abantu bose barangana imbere y'Imana kandi bafise agaciro, baremwe mw'ishusho y'Imana.

Ivy'impwemu – Guhimbaza Imana no gusenga bituma twinjira rwose mu rukundo rw'Imana kandi bikaduhaza n'ugukwiragira hirya no hino kwa Mpwemu.

Guhinduka – Dufise inyota yo kubona ico Imana iriko irakora mu buzima bwacu no mw'isi. Turiteguriye guhinduka.

Umuryango – Turakura, turiga kandi dukora neza gusumba iyo dufitaniye imigenderanire n'abandi, twumviririza hamwe Imana.

Umutima w'urukundo ku bashitsi: Umuntu wese arahawe ikaze ku meza y'ubuntu bw'Imana.

Amahoro n'ubutungane – tubayeho mu mahoro y'Imana ku vyaremwe vyose.

Ikituranga, intumbero hamwe n'inyifato ngenderwako yacu bihuye n'ukubona kazoza kwacu dufise ku rwego rw'igihugu nk'Ishengero rya Mennonite ryo muri Canada:

Imana iduhamagara ngo tube abigishwa ba Yesu Kristo kandi, kubw'ubushobozi bwa Mpwemu Yera, ngo dukure nk'imiryango y'ubuntu, akanyamuneza n'amahoro kugira ngo ugukira hamwe n'umwizero biva ku Mana bishikire isi biciye muri twebwe.

Ibintu bikuru bikuru vyo gukorwa muri 2022-2027

- **Kuba mu mpinduka:** Guteza imbere umuco wo kwiga, kuzana ibintu bishasha, hamwe no kumenyera ivyo tubayemwo kugira ngo dufashe ishengero kuba mu mpinduka. Aha harimwo kuraba uburyo bushasha bwo gukurikira Yesu no kuba hamwe nk'ishengero.
- **Guteza imbere abarongozi:** Gutsimbataza uburongozi no kwubaka ukwizera, guha abantu ubushobozi bwo kubandanya imihamagaro yabo yo gushinga amashengero, gukorera Imana hamwe n'abalayiki
- **Abigishwa b'imyaka itandukanye:** Gukorana n'amashengero hamwe n'abagenzi b'ivugabutumwa mu gushigikira abigishwa b'imyaka itandukanye no gukomeza ukwizera, hamwe no guha urwaruka n'abakiri bato amahirwe yo gutera imbere mu vy'uburongozi.
- **Kwakira ubutandukane:** Gutumira no gutera intege ishengero ngo rimenye ubutandukane n'ubutunzi bw'ubwoko bw'Imana. Ibi bizosaba ko imitima yacu, ivyiyumviro vyacu, ingene dukora hamwe n'ingene twitunganiye bihinduka mu gihe turiko turabaho mu muhamagaro wacu wo kuba ishengero ririmwo ubutandukane, ririmwo bose kandi rishingiye ku mico itandukanye.
- **Kurondera amahoro n'ubutungane:** Gufata mu mugongo no gufasha amashengero gukorera ku bibazo vy'amahoro n'ubutungane, bishingiye ku nyigisho y'ivy'Imana ya Anabaptist-Mennonite. Imigenderanire hagati y'abasangwabutaka n'abakoloni, ibikorwa vyo gukingira ibidukikije, guteza imbere ugutahura n'ukwemera ubutandukane bw'imico hamwe no gukuraho ivangura rifatiye ku rukoba ni vyo bintu bikuru bikuru vyitaweho muri iki gihe.